# 6-леб классалда авар мац1алъул дарс: Хасавюрт шагьаралъул №16-леб школа

# Прилагательное жинсалде ва формабазде хиси



в

# Дарсил мурад:

- Жакъасеб нилъер дарсил мурад гьадинаб буго: Малъараб г1ат1ид гьаби, Прилагательное такрар гьабила,
- Г1аламатал рицина, Гьелги гьоркьор ккезарун.
- Бит1унхъвай цебет1езе,Хъвавулъ гьалат1 дагьлъизе
- Ц1ияб лъай кверде босун ,Хъвазе т1алаб гьабила,Цо-к1иго кеч1 ц1алила,
- Коч1ол маг1на бич1ч1изе,К1вар кьун гьелда ургъила,
- Г1акълу бег1ер гьабизе,Гъварилъи – лъай ц1ик1к1ине,
- Умумуз нилъей тарал,Кицабазул бицина

Басрияб ц1уне,ц1ияб лъай

# Морфологияб разбор гьабе

ГIурччинаб харилъе биччараб кьегIер гIадин, жеги гIишкъу ккечIеб каранда басандулеб букIана гьелъул ракI.



# Синтаксисияб разбор гьабе:

Атли-Буюналъул габурлъухъа гъоркье лъугьунаго, ГIумарица гIемераб лъугьа-бахъиналъул пикру гьабуна.

# Дун - Прилагательное

*Дун* къваригIуна авар мацIалъулъ калам берцинлъизабизе, предметалъул сипат-сурат бихьизабизе, *дун* каламалъулъ гьечIони, берцинаб магIна букIунаро. *Дун* бищун цIакъаб каламалъул т1ел буго.

# ПРИЛАГАТЕЛЬНОЕ

- Прилагательноялъул гIаламатал:
- 1.Предметалъул гIаламат бихьизабула
- 2. Кинав?, кинай?, кинаб?, кинал?, лъил? - абурал суалазе жаваблъун бачIуна
- 3. Цолъул ва гIемерлъул формаби руго, жинс буго, падежазде сверула
- 4. Предложениялда жаниб гIемерисеб мехалъ определениелъун ккун букIуна.



# Гьал ккола прилагательноял

ГIурччинаб

Берцинаб

ХIеренаб

Хинаб



# Гьал прилагательнoязе предметиял цIарал ургъе

- Чармилаб, цебесеб, цIекIаб, бетIергьанаб,
- борхатаб, гургинаб, гIелмияб, багIараб,
- бацIилаб, гIанкIилаб, царалаб,
- къиматаб, чIагояб, бальгояб,загьруяб.
- х1алимай,лъик1ав, халкъияб

# Предложениялда жаниб прилагательное хIалтIизаби

Бюллетенал рехизе борхараб квер кIочонге.(ЦI.ХI.);

Гьукъараб жо гьуинаб.(К.);

Жиб-жиб росулъ гьобол лъикIав. (К.);

БагIаразда гьеб хабар лъала;

Дида лъала квешабги лъикIабги;

ТIадегIаназ хIалтIаразе къимат кьуна.

# Гьал прилагательноязе антонимал рате

- ХъахIаб –
- Даруяб-
- Гьересияб-
- Цебесеб-
- Борхатаб-
- Дагьаб-
- Унтараб-
- Ворхатав-
- Щулияб-
- Язихъав-
- Аваданаб-

# Хал гьабе:

- КIалцIураб рагIи, гъваридаб рагIи, тохаб рагIи, тамахаб рагIи, кьварараб рагIи, цIодораб рагIи, хIалихьатаб рагIи, гьодораб рагIи, къабихIаб рагIи, инжитаб рагIи, чIухIараб рагIи,чIвалеб рагIи……

РагIухъ рагIи, рагIи кьуна, рагIи хвана, рагIи батана, рагIул гIомо, рагIи батичIо, рагIи гIинчIана, рагIи гIунтIана, ургъун рагIи, рагIи кквечIо….



# Прилагательноял лъугьинаре

ЗахIмат –
Кутак-
Дару-
ГIелму-
Мисал-
Меседил-
Идейный-
Жакъа-
ЧIобого-
Жаниб-
Хира-
КIодо-
Гьабизе-
Щвезе-
Досие-





# Прилагательноязул иш

- -Эбел, босе дие горде.
- -ЦIакъ хирияб горде буго.
- -Босеха, эбел, бугеб берцинаб ва лъикIаб.
- -Босиларо, цIакъго къокъаб буго.
- -Къвалалги рахчарал руго алъул.
- -ЛъикIха, босила дица дуе гьаб горде.
- Прилагательноял рукIинчIелани, ясалда эбелалда горде босизабизе кIвелароан.
- Гаргаралда гьорлъ гIадамаз къанагIат хIалтIизарула прилагательноял. Нилъер мисалалъ бихьизабулеб буго цо-цо мехалъ нилъ гьел хIалтIизаричIого тIуралареллъи.

# Поэтас чан прилагательное хIалтIизабун бугеб?

Гьодорал хиялаз, хварал анищаз

Асул хашаб яшав хъошниб хутIула

Халатал хьулазул хьолбохъ кьабураб

Хьопол тIилида ас тIад малал рала



3 5 7

# *Прилагательноял рате*

РетIунеб ратIлидаса дур,
ТIабигIат берцинаб букIа,
Бицунеб рагIиялдаса,
Гьабулеб жо лъикIаб букIа

Мун рокъоса кватIарал,
КъачIан багIар релъарал
ГIарац-месед бекьарал
Васал бокьухъе таги!

# Словарияб хIалтIи

- ШаргI къотIизе –вынести наказание по шариату.
- ЧIух лъун–как в тумане, сквозь туман.
- Гьинал ракI – искреннее сердце
- ГIибрат босизе – брать пример с кого-то.
- Абадул абадиялъ – во веки веков
- Агъ бекизе – сломать хребет
- Алапа босизе – получать жалованье.

# Предметиял цIаразе прилагательноял рате

- ТIагIам-
- нух-
- ГIамал-
- кьер-
- Лъим-
- ц1ер
- цер-

# Кинаб магIна бугеб гьал рагIабазул

- ХъачIаб (чед, чи), квачараб (къо, бербалагьи), роцIараб (къо, гьумер), гьуинаб (чай, макьу), меседил (гIамал, баргъич), кIохIалай (яс, чIей), къваридал (пикраби, къватIал), чIегIераб (рак, тIурччи).

# Гьал прилагательноязе синонимал рате

- ГIакъилав –
- Щулияб-
- Берцинай-
- СихIирай-
- Къадарав-
- ГIадалав-
- Тамахаб-
- ХIикматаб--
- Хинаб-

# Авар мацIалде буссинабе

Рассказывают, что в давние времена, если враги пересекали границу Дагестана, то на самой высокой горе разжигали огонь высотой с башню. Увидев его, все аулы разжигали свои костры. Это и был тот стремительный клич, который заставлял горцев садиться на боевых коней.



# Авар мацIалда прилагательноялъул къокъаб форма бугищ?

Радал багIар (подл.) къинаб-къаси багIар (подл.) хIораб.

БагIар (опред.) меседалъул сиял раниги,

Дие бокьуларо мун гьечIеб росу.

Дун гьанже сах (хIал) вуго

ГIазуца тIох хъахI (хIал) гьабун буго



# *Гьоркьоблъиялъул прилагательноязул дандекквеялъулаб даража букIунаро*

Абизе бегьуларо:

Бищунго гIарцулаб рачел;
ЦIакъго жакъасеб къо;
Бищунго хурулаб хIалтIи;
Бергьун цIияб ретIел;
ЦIакъ сардил гIуж.



# Гьоркьоблъиялъулал прилагательноял

Гьез бихьизабула предметалъе хасаб хисулареб гIаламат, яги предметазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи:

ГIарцулаб рачел (материал);

ЦIорораб ицц (бакI);

Жакъасеб къо (заман).



# *БетIергьанлъи бихьизабулел прилагательноял*

Гьал прилагательноязул иш тIубала

предметияб цIаралъул хаслъул

падежалъги:

Царалаб, царал (каратI, цIоко);

ГIакдалаб, гIакдал (рахь, руссун);

Инсулаб, инсул (тIимугъ, тIалаб,

бербалагьи).



# Фразеологиял сверелал лъугьинаре

РагӀи абураб калимаги кьочӀое босун, авар мацӀалда ругелщинал фразеологиял сверелал лъугьинаре ва хъвай

Масала: берцинаб рагӀи, кӀудияб рагӀи…..

# Фонетикияб разбор гьабе

- *Мерго*
- *е-*
- *р-*
- *г-*
- *о-*

# Качествиял прилагательноял

Качествиялльун ккола жидеца загьир гьабулеб предметальул гIаламат (хасият , сипат-сурат) гIадатаб, яги тIадегIанаб даражаяльул букIине бегьулел прилагательноял.

ЦIакъаб чу буго гьаб.

Бищунго цIакъаб чу къватIибего бачIун гьечIо.

Авар мацIалда признакальул гIемерльи-дагьльи бичIчIизабизе хIалтIизарула гьадинал рагIаб

гIемер, гIемерго, дагь, цIакъ, цIикIкIун, бищунго.

ЦIакъ кьогIаб дару буго гьаб

ГIемерго хъахIаб ханжу буго гьаб

Дагь биччараб буго курак

ЦIикIкIун хIалтIарав, хехго рокъове виччала

Бищунго кьогIаб гага Мусае ккана



# Качествиял прилагательноял рате

ЦIулал

Рохьил

ГьитIинаб

КIудияб

ТIегьалъул

ГIанкIил

Маххул



# Кицабазул ва абиязул кIиабилеб бутIа тIаде жубай

- 1) РагIи кьварараб бице, кьабизе …………….
- 2)Риидал борохь бихьарав, хасало ……..
- 3)Риидал бетIер гьаличIони, хасало ………
- 4) ЦIа босизе арай Зугьра, росасе ……………
- 5) Абурасе гурила яс-……………
- 6) Гьабигьанасул чед кIудияб, чанахъанасул ……….
- 7) РагIи гIарац буго, гIинтIами ……………………..
- 8) РагIи ургъун бице, кици ……………………
- 9) РагIул квешлъи – халалъи, харбил……..
- 10)Дагьалъ гаргаде, гIемер……………………

## Хъвай. Кколел орфограммаби лъе. Качествиял прилагательноял рате

- Ри(кI,кIкIа)д гьа(в,б,р) рекIанагIан,
- ГIа(с,сс)ия(?) рагъул хабар.
- Х(?)алила(?), чIунталила(?),
- ЧIаголъи бухIуле(б) цIа.

# Кинал хIайванazда гIамалалъухъ балагьун, гIадан рельълъинавулев?

- __________ гIадав, виццатав;
- __________ гIадав, халатав;
- __________ гIадав, къо хIехьолев, щулияв;
- __________ гIадав, сахав, сахлъи бугев;
- __________ гIадин, сихIирав;
- __________ гIадин,хIинкъарав;
- __________ гIадин, рекъарав;
- __________ гIадин, кьижуларев

# Мини-сочинение



# Литература


1. Г.И.Мадиева, Авар мацI, Морфология.
2. Б.М.Атаев,Аварский язык,1997г.
3. Авар мац,5-6 класс.1987г.
4. М.М.Магомедханов, Аварско-русский фразеологический словарь, 1993г.




Прилагательноялъул хIакъалъулъ



**Прилагательное лъугьин**



**Жубараб прилагательное**

Прилагательное



Практикум

**Мисалал**



# Рокъобе хIалтIи

Прилагательное абураб тема лъазабизе

ва жиб-жиб тайпаялъул кIи-кIи

прилагательноегун предложениял

гIуцIизе, цIиял рагIаби рекIехъе лъазаризе.

# Баркала хIалтIаралъухъ ва гIенеккаралъухъ

ЦIуне, лъазабе  ва къимат гьабе нужерго рахьдал мацIалъул

